


W ap vwayaje? Sonje pou Pwoteje Tèt Ou Kont Malarya



Kisa malarya ye?

Malarya se yon maladi grav epi ki touye moun pafwa. Moun pran malarya akòz yon parazit ki kapab enfekte souvan yon sèten kalite moustik ki mòde moun.


Doktè dekovouri apeprè 1,500 ka malarya chak ane nan Etazini. Pifò ka yo nan Etazini se sou vwayajè ak imigran ki soti nan kèk kote nan lemonn kote moun ap transmèt malarya, sitou nan Afrik sib-saharyen ak Sid Azi.

Organizasyon Mondyal Sante (World Health Organization) estime nan ane 2010, te gen 216 milyon ka malarya, epi 655,000 moun te mouri akòz malarya, pifò ladan yo se te timoun nan Afrik.

Ki kote gen malarya?

Moun transmèt malarya nan anpil peyi twopikal ak sou-twopikal (gade kat jewografik la). CDC gen yon lis tout peyi nan lemonn (http://www.cdc.gov/malaria/travelers/country_table/a.html) kote moun ap transmèt malarya ak medikaman kont malarya yo rekòmande pou itilize nan chak kote.

Si w ap vwayaje nan kèk peyi nan lemonn kote moun ap transmèt malarya, ou kapab arisk pou gen malarya.



Malarya transmèt tout kote nan zòn sa yo

Malarya transmèt nan kèk kote nan zòn sa yo

Yo pa rekònèt malarya transmèt nan zòn sa yo

Center for Global Health

Division of Parasitic Diseases and Malaria

Kijan moun enfekte avèk malarya?

Moun gen malarya lè yon moustik ki enfekte avèk parazit malarya a mòde yo.



Kijan mwen kapab evite malarya?

1. Pran yon medikaman kont malarya.
2. Pa kite moustik mòde ou.

Medikaman kont malarya

Kijan epi ki kote mwen kapab jwenn medikaman kont malarya?

Ale nan klinik pwofesyonèl swen sante ou 4–6 semèn anvan vwayaj ou pou jwenn yon preskripsiyan pou yon medikaman kont malarya selon kote ou prale nan vwayaj ou ak istwa medikal ou.

Medikaman kont malarya yo disponib nan Etazini sou preskripsiyan sèlman.

Ou kapab kòmanse pran kèk medikaman kont malarya nan jou anvan vwayaj ou epi moun ki pran desizyon pou vwayaje nan dènye minit kapab toujou jwenn avantaj nan yon vizit nan klinik pwofesyonèl swen sante yo anvan yo vwayaje.

Chèche jwenn yon preskripsiyan **anvan** ou vwayaje olye ou fè sa lè ou rive paske achte medikaman nan peyi etranje gen risk li. Medikaman yo kapab move kalite, yo kapab kontamine, oswa yo kapab fo medikaman, epi poutèt sa yo p ap pwoteje ou kont malarya.

Tout medikaman ka lakòz kèk efè segondè. Efè segondè minè tankou kèplen, vomisman pafwa, oswa dyare anjeneral pa oblige ou sispann pran medikaman an kont malarya. Si ou gen efè segondè ki lakòz ou pa alèz ditou, wè pwofesyonèl swen sante ou; gen lòt medikaman kont malarya ki disponib.





Pa Kite Moustik Mòde Ou

Moustik ki transmèt malarya mòde moun ant lè aswè kòmanse ak avanjou.

- Pa kite moustik mòde ou. Pou fè sa, rete andedan lakay ou pandan moman sa a.
- Si ou deyò, mete chemiz manch long, pantalon long, ak yon chapo.
- Pase pwodui anti-ensèk sou po kò ou ki ekspoze sèlman; pa itilize pwodui a anba rad ou.
- Si ou p ap rete nan chanm ki byen pwoteje avèk griy oswa ki gen è-kondisyon, pran plis prekosyon, tankou dòmi anba yon moustikè ki trete avèk ensektisid (moustikè). Moustikè yo flite avèk ensektisid ki rele permethrin pi efikas. Nan Etazini, ou kapab achte permethrin kòm sou fòm yon espre oswa likid pou trete rad ak moustikè, epitou ou kapab achte moustikè ki trete deja avèk permethrin. Ou kapab achte permethrin ak lòt ensektisid ki rele deltamethrin nan peyi etranje pou trete moustikè yo ak rad yo.

Ki vwayajè ki bezwen konsène sou prekosyon kont malarya?

Tout vwayajè yo! Nenpòt moun, timoun oswa adilt, ki ale nan yon peyi kote moun ap transmèt malarya ta dwe pran prekosyon pou li pa pran malarya. Sa gen ladan touris yo, moun ki vwayaje pou biznis, moun k ap vwayaje pandan anpil tan, misyonè yo, ekipaj avyon, etidyan, ak imigran k ap retounen nan peyi lakay yo pou vizite zammi ak manm fanmi.

Imigran premye ak dezyèm jenerasyon yo pi arisk pou gen enfeksyon malarya paske yo ka pa konnen yo pèdi yon pati nan nenpòt pwoteksyon yo te genyen kont malarya. Men, yo **ka** pan enfeksyon malarya epitou yo bezwen sonje pou yo pran medikaman yo kont malarya epitou pou yo pa kite moustik mòde yo.

Kisa pou mwen fè si mwen ansent?

Si ou gen malarya pandan ou ansent sa kapab danjere pou ou ak tibebe ki nan vant ou. Li pi bon si ou pa vwayaje pou ale nan zòn ki gen epidemi malarya pandan ou ansent lan. Si ou oblige vwayaje, li enpòtan pou pran youn nan de (2) medikaman kont malarya ki bon pou pran pandan ou ansent lan: klowokin (chloroquine) ak meflokin (mefloquine). Pwofesyonèl swen sante ou ap detèmine kilès ki apwopriye pou kote ou prale nan vwayaj ou.

Ki sentòm ki genyen epi kisa mwen ta dwe fè si mwen genyen yo?

Kèk nan sentòm malarya se lafyèv, maladi grip, tankou frison ki bay latranblab, maltèt, doulè miskilè, ak fatig. Moun nan ka gen kèplen, vomisman ak dyare tou. Malarya se yon maladi ki ka menase lavi ou si li pa trete imedyatman. Malarya ki pa trete kapab lakòz konfizyon mantal, malkadi, koma, ensifizans renal, ak lanmò.

Sentòm malarya parèt omwen 7 a 9 jou apre enfeksyon an. Lafyèv nan premye semèn vwayaj la ka pa malarya, men ou ta dwe evalye nenpòt maladi san pèdi tan.

I li enpòtan pou resevwa tretman imedyatman pou malarya. Nenpòt vwayajè ki vin malad avèk lafyèv oswa maladi grip pandan li nan vwayaj oswa apeprè 1 ane apre li retounen lakay li ta dwe chèche swen medikal pwofesyonèl imedyatman. Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen ou te vwayaje nan yon zòn kote moun ap transmèt malarya epi ou ta dwe fè tès pou enfeksyon malarya.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/malaria

Pwofesyonèl swen sante ki bezwen èd avèk dyagnostik oswa kontwòl ka malarya yo sisèk ta dwe rele Liy Enfòmasyon CDC pou Malarya: **770-488-7788** oswa **855-856-4713** gratis (Lendi-Vandredi, 9am-5pm, Lè Zòn Lès).

Pou konsiltasyon pou ijans apre lè biwo fèmen, rele nimewo: **770-488-7100** epi mande pou pale avèk yon klinisyen Branch Malarya CDC.

Evite Pran Malarya

- Pran yon medikaman kont malarya.
- Pa kite moustik mòde ou.
- Si ou malad, chèche swen medikal pwofesyonèl imedyatman.

Koupe kat sa a, epi ale avèk li nan vwayaj ou. Mete li ansanm avèk paspò ou, pou ou toujou gen enfòmasyon yo pare.

Malarya se yon maladi ki grav epi li ka touye ou vit. Li enpòtan resevwa tretman imedyatman pou malarya. Si ou gen yon maladi ansanm avèk yon gwo lafyèv pandan w ap vwayaje oswa jiska apeprè 1 ane apre, ou ta dwe chèche jwenn swen medikal imedyatman.

Non/nimewo telefòn/imèl doktè ou

Peyi ak dat vwayaj la

Medikaman ou pran kont malarya pou prekosyon